ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ХЕКIУАТЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№11 (22.419) • 2013 гъэм щIышылэм (январым) и 23, бэрэжьей • Тхъэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

ЗэфIагъэкIахэм щыхоплъэж, къалэнхэр щагъэбелджылы

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Iым и яп э къудзэ Уянаев Казым щIышылэм и 21-м иригъэкIуэжа зэ Iущ Iэм республикэм и Къэрал псэупIэ инспекцIэм игъэбэ зэфIигъэкIаэр щыIэхалъхьэжащ. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балькъэрым и Iэтащхьэм и чэнджэщагъу Отарович Роэз, энергетикэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствомрэ тариф политикэмкIэ министр Кучменов Тхьир, къалэ, район администрацхэм я унафэщIхэм я къудзэхэр, ЖЭК-хэм, ЖЭУ К-хэм, ТСЖ-хэм, ЖСК-хэм я пхъэмбгъэр, Iуэхур зэгъэщIылIа Iиная Iэхэм я лIыкIуэхэр.

КъБР-м и къэрал псэупIэ инспекцIэм и унафэщI **Къэжэр Нажмудин** и отчет докладым къызэрыщигъэлъэгъуамкIэ, республикэм и псэупIэ фондыр метр зэбгъуэзэнатIэ мелуан 15,5-рэ мэхъу. Абы щыщу метр зэбгъуэзнатIэ мини 5582-р фэтэр куэд хъу зэгъэнэжу 3369 К ХХ ХХ ХХ

Мэкъумэш І энатІэм къэкІуэну зэманым еэзэгъыу зеужь

Лэжьыгъэ Іэухукіэ Къэбэрдей-Балькъэрым щыщыІам Федоров Николай жиІащ Дунейпсо сату зэгухэмэхъям къыгъэуІэхэм еэзэгъыу мы щІыналъэм зэрызиужьыр.

КъэхъэлІэжьыным къыдэкІуэу, хъумэнм хуейщ

ФЕДЕРАЛЬНЭ министрым республикэм и унафэщІхэм ядгиГъэкІуэкІа зэІущІэхэм ящыщ зыр къыщыщэрагъэпэщащ хадэхэкІхэр псы щІагъэткІуэрэ щагъэкІ иджырей теплицэ комплексым - «Агро-Ком» ООО-м. Мы Іэухущ Іам Іэр 2008 гъэм къратъэжьауэ щытащ. 2015 гъэм ирихьэлІэу абы щІыуэ иІыгъыр гектари 100-м нэсыныу икІи, проектым къызэрыщыгъэлъэгъуам хуэдэу, помидор тонн мин 67-м щІигъу илъэс къэс къыщрахьэлІэнущ. Зэкіэ теплицэхэр псори зэхэту гектар 20 хъууэ аращ. Псом япэу уогупсыс: апхуэдиз продукцІ кърахьэлІэу хуежьэмэ, ар щахъумэнур дзэнэ икІи сыт хуэдэу? Абы папщІэ Къэбэрдей-Балькъэрым щаухуащ хадэхэкІ, пхъэщхьэмыщхьэ хъумапІэ - зи щІыналъэ-хъабгъэ зэрыхуейуэ тезыхуэу І эмэпсымэхэр зыхэт, тонн мин 5 зыщІхэуу щІыІалъэ. ХъумапІэр камерэ 24-уэ зэпыудац, дэтхэнэми тонни 170-м нэблагъэ щІэхуэу. ХъумапІэм щІэт кислородыр, псы Іагъэр зыхуэдизыр, хьэуам и хуабагъэр продукцэр нэхъыфІу хъуа зэрыхъуным тещІыхьауэ щытщ. Оборудованэр компьютерхэм ябыщІауэ мэлажьэ. Апхуэдэ промышленнэ щІыІалъэу иджыри 12 хуэдиз ящІыну я мурадщ, псоми зэхэту пхъэщхьэмыщхьэу, хадэхэкІыу тонн мин 60-м щІигъу щІэхуэну.

- Мыбы щысылэгъуа предприятэхэр, абыхэм иджыпсту яууэхэри яхэту, итэмкІпІэкІэ XXI пІащІыгъуэм хуэфащэщ, ахэр къэкІуэну зэманым къигъэувыну кьалэнхэм ябгъэлъащынущ. Къэбэрдей-Балькъэрыр Дунейпсо сату зэгухьэныгъэм къигъэувхэм тету зэрыпхъэзэнум хуэхьэзыр щІынальэщ. Я нэхъ мащІэ дыдэр арамэ, абы фІагъышхуэ зиІэ продукцэмкІэ къэрал псор, языныкъуэ пхъэщхьэмыщхьэмрэ хадэхэкІхэмкІэ СНГ-м хэт къэралхэр, Европэм щыІэ къэралхэр къыздригъэпэщыфынущ, - мы Іэнатіэм зэрызиужьым теухуауэ жиІащ Федоров Николай.

КъБР-м щагъэкІ мыІэрысэхэр нэгъуэщІ къэралхэм къраашхэм йофІэкІ

«БЖЬЫХЬЭ дышафэ-2012» агропромышленнэ выставкэм КъБР-м и мэкъумэшыщІэхэм я инвестицІэ, инновацІэ ехъулІэныгъэхэм папщІэ медалу 41-рэ къыхуагъэфэщащ, я нэхъыбэр дыщэ медалу. УФ-м и премьер-министр Медведев Дмитрий хэхауэ жиІащ псоми Іуэ къызыпыкІэ жыгхэм Къэбэрдей-Балькъэрым къыщыпачыж мыІэрысэм фІагъ лъагэ зэриІэр.

Республикэр куэдкІэ щогугъ агропромышленнэ комплексым а и Іэнатіэм. ИльэситхукІ къриубыдэу хагъэ жыг хадэ гектар мин 5,5-м нэблагъэм щыщу гектар минитІ хуэдизыр псынщІэу къызыпыкІэ мыІэрысейхэр. Апхуэдэу щІышхуэ (гектари 125-рэ) хуихащ пасэу къызыпыкІэ жыгІщІэу гъэ къэс мелуани 3-м нэблагъэ щагъэжьну питомникым. Жыгхэм я фІыгъуэу къащыпыкІэу хуежьэну 2024 гъэм ирихьэлІэу КъБР-м и мэкъумэшыщІэхэм я мурадщ пхъэщхьэмыщхьэу тоннэ мелуан нэхъ тІ мынэхъ мащІэ илъэсым кърахьэлІэу щадэну.

Апхуэдэ мурад инхэр илъэситІкІэ яхуэгъэззэщІну пІэрэ? Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен ар икъуэкІ кьалэн ину зэрыщытыр кьелъытэ, ауэ ар зэрахуэзфІэкІынум шэч къытрихьэрхьым.

- 2020 гъэм нэсыху дэ жыг хадэу гектар мин 20 хэтсэн хуейщ. НэгъуэщІ къэралхэм къраш продукцэм и пІэкІэ дэ къэдгъэкІар пхыдгъэкІыфу щІэддзэрэ Урысейм и рынокыр дубыдыфмэ, абы ди Іуэхур нэхъри ягэкІэ игъэкІуэтэнущ. АтІэми, уегупсысэ, жыг хадэхэр бгъэкІын нэхъ нэхъыфІ сыт щыІэ! - жиІащ Къанокъуэ Арсен.

НэгъуэщІ къэралхэм кърашуэрэ пхъэщхьэмыщхьэрэ мащІэ дыдэу къэкІуэ-ику ину тонн мелуани 2,4-рэ зэрыщащэр кьэпльытэмэ, КъБР-м и мэкъумэшыщІэхэм кьалэнышхуэ зэфІагъэкІыфынущ нэгъуэщІ къэралхэм къраш продукцэр гъэмэщІэным и лъэныкъуэкІэ.

- Пхъэщхьэмыщхьэмрэ хадэхэкІхэмрэ кьызэралэжьыр егъэфІэкІуэнымкІэ Къэбэрдей-Балькъэрыр Урысейм и щІыналъэ парыт хуэфынущ, - жиІащ Къанокъуэ Арсен Федеральнэ министр.

Федоров Николай кьызэриІультамкІэ, апхуэдэ кьалэн инхэр гъэззэщІа хъун папщІэ Іуэхугъуэ нэхъыщхьэу щы щыІэщ. «Псом япэу, ар агробизнесым пыщІахэм, а бизнесым зегъэужьыныкІэ зэрыщытыр, ар ядэІэпыкъу политикэм щІыныгъэ кІуэ зэрагъэІэрщ, къыкІэлъыкІуэу - щалъхуа щІыналъэр, хэкур фІыуэ зэралъагурыщ икІи ар хуэдэ лъагъуныгъэм щыхьэт техъуэ Іуэху пыухыкІахэр зэрызэфІагъэкІырщ, апхуэдэу псэемыблэжу, дихьэхыу ахэр зэрызэдгъэжьэрщ. А псомкІи фэ дагъуэ къыфхуащІыфинукъым», - жиІащ министрым.

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и агропромышленнэ комплексым зегъэужьыным теухуауэ блэкІа илъэсым щыщхьэІым и 28-м Дагъыстэным щекІуэкІа щІыналъэ зэхуаку зэІущІэм Федоров Николай къыщыхигъэщащ Кавказ Ищхъэрэ округыми, зэрыщытыр къэралми я социально-экономикэ зыужьныгъэр щІэтхъэхуэбжьэнымкІэ жызым гъэкІыным, шагъыр щІыным мыхьэнэщхэр зэрарэр.

КъБР-м и щІыналъэр (псом хуэмыдэу Балъкъ, Бахьсэн псыхэр щызэхэхуэжым хуэзэ тафэ щІыпІэхэр) икъуэкІ дагъуэу къуэзгъ жызым гъэкІыным, апхуэдэу щыщыгъкІэ, шагъыру ящІми хэгъэхъуэным. Иджыпстукі э республикэм жызым хадэу щыІэр гектар мин 1,5-м ноблагъэ. Жызым хадэхэр хэсэнымрэ ахэр зехьэнымрэ тратъэкІуэдэн папщІэ иужьрей илъэситхум кьрибыдэу кьэрал ахъшэу сом мелуан 52-м щІигъу хухахащ. 2020 гъэм ирихьэлІэу республикэм и жызым хадэхэр гектар мини 3-м нагъэсыну я мурадщ.

МыІэрысэхэр Берлин яшэ

КъБР-м и агропромышленнэ Іэнатіэм иджыпсту щІыналъэм и экономикэм увыпІэщхэу щеубыд. Республикэм и валовэ щІыналъэ продуктым и процент 20-м щІигъур мэкъумэшыр продукцэм хуоз. 2012 гъэм мэкъумэш хозяйствэм сом мелард 29-рэ и уасэ продукцэ е абы япэ ита гъэм елъытауэ процентИ 104-рэ кьилэжьащ. Мэкъумэш Іэнатіэм щолажьэ республикэм исхэм я процент 22-рэ хуэдизыр. Абы хэткым зи уней лъапсэм илэжьыхьыжхэр. Мы Іэнатіэм нэхъыбэу щІэр хозяйствэ мыинхэрщ, икІи абыхэм зегъэужьыным гулыпэ хэха хуащІ. Абыхэм папщІэ программэ хэхахэр кьащтэ икІи игъэзащІэ. КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм кьита бжьыгъэхэм ятепщІыхьмэ, «Дермеру пэжьир» щІэзыдзэхэм ядэІэпыкъуныр» программэм ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балькъэрым и мэкъумэшыщІэ (фермер) хозяйствэу 253-м грантхэр ираташ. Абы и лъэныкъуэкІэ кьапщтэмэ, республикэм программэм хэтхэм я бжьыгъэмкІэ УФ-м япэ ящІ пІэр, абыхэм хухах бюджет ахъшэм и куэдагъымкІэ (федеральнэ бюджетым и ахъшэу сом мелуан 78,7-рэ) - еплІанэ увыпІэр иІыгъщ.

«Унагъуэхэм къащыщэрагъэпэщащ Іэщ фермэхэм зегъэужьыныр» программэм ипкъ иткІэ федеральнэ бюджетым кьыхэкІыу кьиІэрыхьэ ахъшэм и бжьыгъэмкІэ (сом мелуани 111,4-рэ) УФ-м и субъектУ 63-м ящыщу республикэм етІуанэ увыпІэр, программэм хэтхэм я бжьыгъэмкІэ етІуанэ увыпІэр иІыгъщ. МэкъумэшыщІэ (фермер) хозяйствэхэм ящыщу 67-м грантхэр къахьащ.

А псоми кьадэкІуэу, нэгъабэ льандэрэ республикэм щагъэзащІэ агропромышленнэ комплексым щІэгъэхуэбжьауэ зегъэужьыныр зэрыщытыр. Утыку къралъхьэнщ щыналъэм и агропромышленнэ комплексым и Іэухущ Іам Іэр 11-м къыщІагъэкІ продукцэ нэхъыфІэр: хадэхэкІ консервхэр, псы зэмылІэужьыгъуэхэр, фадэхэр, Іэф Іыкі эхэр, апхуэдэу, зэрыгугъ ры Іуэгъуэщи, мы Іэрысэ, помидор кьыпачагъащІэхэр. Апхуэдэу хэІущІыІу ящІынущ мы Іэнатіэм зегъэужьыныкІэ мыхьэнэ хэха зиІэ инвестицэ проектхэр.

«ХъыбарегъащІэ. Кавказ Ищхъэрэ» хъыбарегъащІэ-аналитикэ журнал №№25-б.



● Махуэшхуэ зэхы-

Къэрал щІэуцІ Іуэхухэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и «Эльбрус» гуп щхьэхуэр (СОБР) кьыхэзэрыгъэпэщащ илъэс 20 зэрырикъур Къэрал концерт гъэлъэгъуэнІэм щагъэпэщащ.

Илъэс тІощІ гъэугуанэ

МАХУЭШХУЭ зэхьихьэм кьрагъэблэгъащ КъБР-м и Парламентым, хабзэхъумэ Іэнатіэхэм, республикэм Жылагъуэ, экономикэ щынагъуэншагъэмкІэ и советым и Іуэхуэхэр, ветеранхэр, зи кьалэн зыгъэзащІэу хэкІуэдахэм я Іыхьлыхэр.

- ЗэщІэгъэзІуэауэ ялэжь щІэпхъаджагъэхэм ебэныныкІэ управленэ МВД-м деж кьыщыхэзгъэпэщыныр къежьащ 90 гъэхэм я пэщІэдзэм, къэралым щІэпхъаджагъэр кьыщытегупІа зэманым, - жиІащ къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министру КъБР-м щыІэ милицэм и генерал-майор Васильев Сергей. - ЩІэпхъаджащІэ щхьэхуэхэм, бзаджащІэ гуп щыкІуэм ятепщІэтыныжкІэ милицэм кьыгъэсэбэп Іэмалхэр жьы хъуауэ кьыщІэкІащ. Абы и жэуапу къэралым игъэуващ зэщІэгъэзІуэауэ ялэжь щІэпхъаджагъэхэм ебэныныкІэ Іуэхущ Іапі э МВД-м деж егъэщІыпІауэ кьыщэгъэпэщыныр, а Іэнатіэм и джатэу ващ Іуэхум псынщІэу яужь ихьэ гуп щхьэхуэ. Абы пьандэрэ СОБР фІэщыгъэ кьудейм щІэпхъаджащІэхэр щтэщІ таблэ ещІ!

Илъэс 20 и пэкІэ апхуэдэ Іэнатіэ щхьэхуэ кьыщыщэрагъэпэщащэ щытащ Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм. 1993 гъэр гупым и зэфІэувэныгъэ, зыгъэсэныгъэ илъэсщ, Абы кьаКІуэт кьарузехьэ Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм, къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ органхэм, Урысей МВД-м и къэралкІуэцІыдзэм, урысей армэмрэ флотымрэ я лэжьакІуэхэр. ЗэгъэзІуэауэ ялэжь щІэпхъаджагъэхэм ебэныныкІэ управленэм и СОБР-м и унафэщІ хъуащ милицэм и полковник Тау Мэ-Іэед.

Гуп щхьэхуэм и кьалэнхэм лъэныкъуэ куэд кьыІэщІеубыдэ: бзаджащІэ гупхэм хэтхэр убыдыныр икІи ахэр шынагъуэншэ щІыныр, къэлыхьэуэныгъэ, следствэ Іуэхуэхэм кьарухьэ зэщІэзгъэкІуэныр, терроризмэмрэ экстремизмэмрэ ебэныныр, Іэщэкіэ зэщІэуэзда бзаджащІэхэр пщІэныр, Іэщэ, наркотикхэр ящэныр кьыхэпыудыныр.

Гъэру яубыдахэр хуит кьащІыжьныкІэ Іуэхугъуэ хэхахэр егъэкІуэкІыныр бандитизмэм ебэныныкІэ и зэфІэкІхэр 90 гъэхэм ди республикэм и мызакъуэу, абы щыгъуэм Ипщэ федеральнэ округым и щІыналъэ куэдым щигъэтъгъуэн хуей хъуауэ щытащ Іэнатіэм. СОБР-м и кьалэнхэр щигъэзащІэхэм, кьыгъэсэбэп Іэмалхэм зиужь зэпыту къкІуэкІащ. Я лэжьыгъэм зэхьэуэкІныныгъэхэр халъхьэн хуей хъуащ Кавказ Ищхъэрэм кьыщыхьуаэми.

КъБР-мкІэ МВД-м и деж щыІэ СОБР-р кьызэрызэрагъэпэщэр абы и лэжьакІуэм 10 зэкІуэдащ. Кьызэхуэсахэр, абыхэм я фэеплъым пщІэ хуащІу, дакьикьэкІэ щымащ. ЗэІущІэм щыжаІащ хэкІуэда я лэжьэгъуэхэм я унагъуэхэм, абыхэм я сабийхэм сыт и лъэныкъуэкІи я нэІэ трагъэпыныр я кьалэну зэрыщытыр.

Урысей Федерацэм кьэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ и министрым 2002 гъэм фокладэм и 16-м кьыдигъэкІа унафэм ипкъ иткІэ, СОБР кьудамэ хэхахэр милицэм и гуп щхьэхуэкІэ (ОМСН) яхъужащ. КъБР-мкІэ МВД-м и гуп хэхам и унафэщІ хъуащ милицэм и подполковник Щоджэн Кьадир.

- Гуп щхьэхуэм хэтщ зи Іэщ Іагъэм хуэІэижь лэжьакІуэфІхэр, зыхуеину техникэкІэ кьызэгъэпэщащ. Щытыкіэ гугъу кьэхъуэм, адрейхэм щапхъэ яхуэхъуу гупым хэтхэм я кьалэныр ягъэзащІэ, сыт щыгъуи унафэ тэмэм кьызэращтэфыр ягъэлъагъуэ. Ягъэлъагъуэ лІыгъэмрэ хахуагъэмрэ папщІэ Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм кьэралдамыгъэ лъапІэхэр кьыхуагъэфащащ. Мы зэманым КъБР-мкІэ МВД-м и СОБР-м пщІэ, щыхьэ иІэу кьалэн зэхъ гугъу дыдэхэр зэфІэх. Абы и лэжьакІуэхэм Іуэхугъуэ хэха пщІы бжьыгъэхэр екІуэлІэныгъэ пылъу ирагъэкІуэкІащ, - жиІащ министрым.

Васильев Сергей гупым хэтхэм я юбилейныкІэ екІуэхъуащ, насып, узышащэ, унагъуэ зэІуэзэпэщыгъэ яІэмэ, я лэжьыгъэ гугъум екІуэлІэныгъэхэр щызыІэрагъэхьэмэ зэригуапэр кьыхигъэщри, «Гропагэ фІыщІ дэтхэнэми, фІщІыгъуу кьалэныр зэресхьэкІым сропагэ», - яжриІащ.

Я кьалэныр щапхъэ пылъу зэрырахьэкІым папщІэ КъБР-м и Іэтащхьэм и унафэкІэ фІыщІэ хуащІащ СОБР-м и унафэщІымрэ гупым и лэжьакІуэ зыбжанэмрэ.

Жылагъуэ, экономикэ щынагъуэншагъэмкІэ советым и секретарь, милицэм отставкэм щыІэ и генерал-майор Ешигуаев Руслан зи махуэр зыгъэлъапІэхэм хъуэхъу тхыль кьаухунгъэхьащ.

Республикэм и хабзэхубзыкІу Іэнатіэм и кьыбгъэдэкІыу СОБР-м и лэжьакІуэхэм псалъэ гуапэхэмкІэ захуигъэзащ КъБР-м и Парламентым и тхьэмадэм и кьуэдзэ Бозий Натбий. Республикэм и хабзэфэхыу Іэнатіэм и щІыхь, фІыщІэ тхыльхэр гуп щхьэхуэм и лэжьакІуэ нэхъыфІхэм яритащ.

СОБР-м кьигъэльагъуэ лІыгъэм пщІэ хуищІу кьэпсэтыщ, хэщІыныгъэ имыІэу илъэс куэдкІэ и кьалэныр ирихьэкІыну, республикэм мамырыгъэ щыІэну зэригуапэр жиІащ, щытыкІэр кьэзыгъэтІэсхьэну хуищІэхьуэм я гуращэ фІейр кьаймыхъуІэн папщІэ хабзэхъумэхэм яхуэзэфІэкІ псори зэралажьыну и фІэщ зэрыхьар кьыхигъэщащ Урысей Федерацэм и Следствэным и комитетым Следствэмкіэ и управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ юстицэм и генерал-лейтенант Устэ Валерэ.

Зи махуэшхуэ зыгъэлъапІэ гуп хэхам и тхьидэм, абы и мурадхэмрэ кьалэнхэмрэ тепсэлъыхьащ Урысей МВД-м КИФШІ-мкІэ и Управленэ нэхъыщхьэм и деж щыІэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэ, 1994 - 2006 гъэхэм КъБР-м къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ и министру щытащ, милицэм и генерал-лейтенант Щоджэн Хьэчим.

Я лэжьагъуэм псалъэ гуапэхэмкІэ зыхуагъэзащ «Рысь» федеральнэ Іэнатіэ щхьэхуэм, Кьалмыкъ Республикэмкіэ МВД-м и СОБР-м я унафэщІэм, КъБР-мкІэ МВД-м и деж щыІэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэ, Урысей Федерацэм щыхь зиІэ и артист Батькъыз Валерэ сымэ.

КъыкІэтьыкІуэу Васильев Сергей КъБР-мкІэ МВД-м и щІыхь тхыльхэр, Іуэхугъуэ хэхахэр щрагъэкІуэкІкІэ кьагъэсэбэпыну Іэмэпсымэ щхьэхуэхэр яритащ СОБР-м кьалэныр щезыхьэкІэм ящыщ гупым.

СОБР-м и унафэщІ полицэм и полковник Щоджэн Кьадир КъБР-м щыІэ МВД-м и унафэщІхэм, ветеранхэм, кьахубгъэпэ хьэщІэ льапІэхэм фІыщІэ яхунщІащ, республикэм щыпсэухэм я щынагъуэншагъэр кьызэрэпэщыным я кьаурр нэхъри зэрыхуэщІагъэуІэнур кьыхигъэщащ.

Махуэшхуэ зэхьихьэм кърихьэлІэхэм я нэгу зрагъэужьащ республикэм и уэрэджьыІакІуэ цІрыІуэхэм, сабий кьэфакІуэ гупхэм.

УАРДЭ Жантинэ.

● ЗэІущІэхэр

Нэхъыфіхэм ящыщщ

Урысейм Тэхьрхэр ирегъэхьэкІыныкІэ и федеральнэ Іуэхущ Іапі эм и управленэу КъБР-м щыІэм и Жылагъуэ советым дызыхьыхьа илъэсыщІэм иригъэкІуэкІа ялэ зэІущІэр уголовнэ-гъэзэщІакІуэ Іэнатіэм и гугъуехьхэм, ахэр кьызэнэкІыным и хэкІыпІэхэм триухуащ.

СОВЕТЫМ и тхьэмадэ, КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и фондым и унафэщІ Вэрокъуэ Владимир зэІущІэр кьызэІуихри, нэгьабэ я лэжьыгъэм кьрикІуахэм зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ. Абы кьыхигъэщащ мыхьэнэ зиІэ, сабийнагъэ зыхэлъ Іуэхугъуэхэр зэрызэфІахьыным яужь зэритар.

Урысей ФСИН-м и управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ къэрал кІуэцІ кьулыкъуэм и полковник Федоров Василий кІащІу кьэтеувыІащ республикэм и уголовнэ-гъэзэщІакІуэ Іэнатіэм и лэжьыгъэм. 2012 гъэм зыІэрагъэхьа ехъулІэныгъэхэм УФСИН-р жьыджэру зыдэлажьэ Жылагъуэ советым и фІыщІэ куэд абы зэрыхэлъри кьыхигъэщащ.

- Фи Іуэху зехьэкІэмкІэ наІуэ фщІащ псоми фадэлажьэну, уголовнэ-гъэзэщІакІуэ Іэнатіэр зыІуэу гугъуехьэхэр зыхэфщІэу, ахэр зэфІэхыным фи гуащІэ ефхьэлІэну фызэрыхьэзэщІыр, - жиІащ Васильевым. Абы кьыхигъэщащ Советым хэтхэр гъэщІэм фІыуэ хэзыщІыкІ, щІэныгъэ зыбгъэдэль, пщІэ зиІэ цІыху щыпкъэхэу зэрыщытыр. Абыхэм яхэту КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, республикэм и Іэтащхьэм и администрацэм и лІыкІуэхэр, щІэныгъэм, щэнхабзэм, щІыхуб хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэр, дин Іуэхущ Іапі эхэм я унафэщІхэр.

Кьыхэдгъэщынщи, Урысей ФСИН-м и щІыналъэ Іэнатіэхэм кьыщыззрагъэпэща жылагъуэ совет 58-м щыщу 10-р нэхъыфІу кьалъытащи, Къэбэрдей-Балькъэрым ейри абыхэм яхэтщ.

КъБР-мкІэ УФСИН-м и деж щыІэ Жылагъуэ советым илъэситху хъуауэ и унафэщІ Вэрокъуэ Владимир кьыхилъхьэри, зэІущІэм кьрихьэлІахэм эдэзрэзыуэ Советым и тхьэмадэщІэ хахащ. А кьалэныр дзыхь хуащІащ «Советская молодежь» газетым и редактор нэхъыщхьэ Кьардэн Мухьэмэд. Вэрокъуэ Владимир Жылагъуэ Советым щыхь зиІэ и унафэщІ хъуащ.

Жылагъуэ советым иубзыхуащ дызызыхьа илъэсым и кьалэныщІэхэр, абы хэтхэм ящыщ дэтхэнэми и нэІэ зытетыну унэтІыныгъэхэр. Советым хэтхэм тутнакъэщхэм я щытыкІэм щыгъуазэ защІын папщІэ абыхэм кІуэну, я лэжьакІуэхэм, ягъэтІысахэм яІущІэну я мурадщ.

ЗэІущІэр Іуэхугъуэ гуапэкІэ иухри, Илъэс куэд хъуауэ къадэлажьэ, УИС-р егъэфІэкІуэныжьмкІэ, КъБР-м и уголовнэ-гъэзэщІакІуэ Іэнатіэм кьыпэщыт кьалэнхэр пхыгъэкІыныжьмкІэ закъэщІэзыгъакъуэхэу Вэрокъуэ Владимир, КъБР-м и Парламентым и депутат Башэрэ Хьэмид, «Тетраграф» ООО-м и унафэщІ Шакъ Елбэрэ, «Адыгэ псалъэ», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэу ХьэфІыщІэ Мухьэмэд, Кьардэн Мухьэмэд, Кьанькъуэ Заринэ, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и корреспондент Мэлбахъуэ Зинаидэ, Жылагъуэ советым и секретарь Хьуэст Леонид сымэ щыІэх тхыльхэр ираташ.

ЗЭБАР Мадинэ.

● Іуащхьэмахуэ лъапэ

Дунейм и дэнэ щІыпІи ущыкІэлъыплъыфынущ

Іуащхьэмахуэ и джабэ нэкІум щытІыпщэ зи чэзу гондолэ кІапсэ гъэзугщІтІри видеокІэ зэрыкІэлъыплъ иджырей Іэмэпсымэхэмкіэ кьыззгъэпэщащ. Ар энергие къэзылэжьыжу кьэралым щыяпэ апхуэдэ видео системэщ. Хэхауэ нэгъэущІхэм езыгъэфІэкІыр и технологиещІэрщ - камерэхэр я щхьэ ущытыжщ, дыгъэм и хуабэ кьаруклІэ мэлажьэ.

«ІУАЩХЬЭМАХУЭ курорт» ОАО-м и энергетик нэхъыщхьэ Байдаев Мажит зэрыжиІамкІэ, къэрал гъэугуэхэм тек кІапсэр щаукъуэдийуэ хабзэм идэрскъым, ауэ мыхьэнэ хэха зиІэ а Іуэхур иджырей видеосистемэм и лэжьэкІэм кьыщальытащ. Ягъэува камерэ 85-р «Дагьыстэным и щтачуэхэр» ООО компанием и ІэщІагъэлІхэм электрокьарур кьыззралэжь я кьэхутэныгъэщІэщ, «Іуащхьэмахуэ курорт» ОАО-м и унафэщІхэм я жэрдэмкІэ, проектыр зейхэм видеокІэ зэрыкІэлъыплъ я системэр иджы ялэу Іуащхьэмахуэ лъапэ щагъэуващ. Дэтхэнэ камерэри щхьэхуэу мэлажьэри, системэр фІырыфІкІэ пхуэкъутэнукъым. ІэщагъэлІхэм кьыззралытэм-кІэ, дыгъэ батарейхэм дерт ягьуэтми, камерэхэр иджыри сыхьэткІэ лэжьэнущ.

Хьэмахуэхэр зэпымыуэ щытыкІэм кІэлъоплъ. А системэмкІэ кІапсэ гъэугуэм щекІуэкІхэм дунейм и дэнэ щІыпІэ ущыІэми зыщыбгъэгъуэззэфынущ. ІэщІагъэлІхэм кьызэрыкъльэрыкъым тету, «Іуащхьэмахуэ курорт» ОАО-м и www.5642-elbrus. ru официальнэ сайтымкІэ ягъэхутэныгъэщІэщ. «Іуащхьэмахуэ курорт» ОАО-м и унафэщІхэм я жэрдэмкІэ, проектыр зейхэм видеокІэ зэрыкІэлъыплъ я системэр иджы ялэу Іуащхьэмахуэ лъапэ щагъэуващ. Дэтхэнэ камерэри щхьэхуэу мэлажьэри, системэр фІырыфІкІэ пхуэкъутэнукъым. ІэщагъэлІхэм кьызэралытэм-кІэ, дыгъэ батарейхэм дерт ягьуэтми, камерэхэр иджыри сыхьэткІэ лэжьэнущ.

Хьэмахуэхэр зэпымыуэ щытыкІэм кІэлъоплъ. А системэмкІэ кІапсэ гъэугуэм щекІуэкІхэм дунейм и дэнэ щІыпІэ ущыІэми зыщыбгъэгъуэззэфынущ. ІэщІагъэлІхэм кьызэрыкъльэрыкъым тету, «Іуащхьэмахуэ курорт» ОАО-м и www.5642-elbrus. ru официальнэ сайтымкІэ ягъэхутэныгъэщІэщ. «Іуащхьэмахуэ курорт» ОАО-м и унафэщІхэм я жэрдэмкІэ, проектыр зейхэм видеокІэ зэрыкІэлъыплъ я системэр иджы ялэу Іуащхьэмахуэ лъапэ щагъэуващ. Дэтхэнэ камерэри щхьэхуэу мэлажьэри, системэр фІырыфІкІэ пхуэкъутэнукъым. ІэщагъэлІхэм кьызэрыльэтэм-кІэ, дыгъэ батарейхэм дерт ягьуэтми, камерэхэр иджыри сыхьэткІэ лэжьэнущ.

Си бзэ - си псэ, си дуней

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и жэрдэмкІэ иджыблагъэ екІуэкІащ нобэ адыгэбзэм и Іуэху зыІутым, адэкІэ абы и зыужьыкІэ хьунум теухуа зэІущІэ. Абы хэтащ ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхьурокъуэ Хьэутий, абы и япэ къуэдзэ. КъБКъУ-м и проректор Къэжэр Артур, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ЩхьэфІыцІэ Мухьэмэд, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр Семэн Пщыкьан, Бизнесымкіэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и ректор Хьурей Феликс, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм и унафэщІ Аццкан Руслан, «Хэку» зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ НэкІацэ Владимир, профессор Бейтыгъуэн Мусер, Бзэхэр зэрадж щІэныпхъэ институтым и лэжьакІуэ Хьэцыкіу Раисэ сымэ, нэгъуэщІхэри.

● Дунейпсо Адыгэ Хасэ

Сэхьурокъуэ Хьэутий, Бейтыгъуэн Мусер, Къэжэр Артур сымэ.

Лъэпкъым и хъугъуэфІыгъуэ нэхъыщхьэ

- НОБЭ мыбдеж дыщыІэхуэсар лъэпкъым щызыгъэІэж, хьугъуэфІыгъуэ нэхъыщхьэу абы бгъэдэль бзэр хьумэ зэрыхъуным, ар адэжи зэредгъэфІэкІуэным теухуа ди Іуэху еплыкІэхэмкІэ дыздэдгъэшэну аращ, - жиІащ зэІущІэр къыщыІэІуихьу **Сэхьурокъуэ Хьэутий**. - Тхьэм кьыгІурилъхьа бзэр хьумэныр ар дэтхэнэ зыми ди къалэнщ. И чэзу къуэу къыщІэкІынщ адыгэм псоми зы литературэбзэ диІэну, ДАХ-р ильэс 21-рэ хьуауэ зи ужь иТ Іуэхущ зи гугъу сщІыр. Абы теухуа Іуэху еплыкІэ кУэди утыку кьрахьащ, зэдауэ машІи екІуэкІакъым. Иджы зы Іуэхум дыкьыгтеувыІэу, нэхъ тэмэму кУэдым кьалытэ зы еплыкІэ утыкуншхэм итхьэн хуейщ.

Профессор **Бейтыгъуэн Мусер** кьытеувыІащ алфавитым хэлъхьэн хуей зэхъуэкІыныгъэхэм икІи кьыхигъэщащ, ар бзэр зыІурылъхэр тыншу едкэфу, Тхэфу къэгъэсэным хуэгъэпсауэ зэрыщытыпхъэр. Щапхъэхэр кьигъэльагъуэрэ и Іуэху еплыкІэм кьыдзэхуэсахэр щыгъуаззэ ищІа иужь, учящІэ кьащтащ абы хэлэжьыхьажу КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм хуагъэхьуну, итІанэ иджыри зэ ДАХ-м и утыку кьащрахьэну, адэкІэ «Адыгэ псалъэ» газетми кьытрадзэну. Псом япэу зи Іуэху еплыкІэ кьащІэн хуейр абы ирилэжьэну егъэджакІуэхэращи, Іэмал имыІэу аэрри щагъэтуаззэ я гупсысэр Іуэхум кьыхэлытэн зэрыхуейр псоми кьыхасгъащащ.

- Нобэ дыдзэрредж, дызэрыгтхэ алфавитыр яуб щхьэкІэ, ар зхэзэгъэльэкІэр гупсысэ шэщІа хэлъу Іуэхум бгъдыхащ, - жиІащ **Хьэцыкіу Раисэ**. - Нобэ утыку кьрахьа Іуэху еплыкІэм ущыІэздэсэн куэд хэлъщ. Алфавитыр зэхьуэкІын хуей хьуауэ, ар нэхъ тынш зэрыпщІынырщ зэлэжьыпхъэр.

Адэкіэ Раисэ тепсэлъыхьащ Шэкіыхьэщэ Марие ныбзыкуэу щыта структурнэ методикэр и лъабжьэу адыгэбзэр зэрыгагъэщэ хьуну экспериментальэ пособиехэр зэрагъэхьэзырам, ягу кьитэжьыжащ а бзылъхьэгъэ Іущым и кьэхутэныгъэмкІэ Гъэунэхуныгъэ дерсхэр зэрыгагъэкІуэкІар, ар урысей щэныгъэлІ куэдым екъулІэныгъэшхуэу ящыІэр зэрыгъэлажьар, абы теухуауэ я ятхаэр.

- «Адыгэ псалъэ» зыІэтщта тхылъхэр утыку кьикъэшынкІэ дэІэпыкъуэгъэ кьыщІэкІынхуэхъуащ Бизнесымкіэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтыр, - пищащ адэкІэ Хьэцыкіум. - Дэ кьыздэрытлытэгъкІэ, структурнэ методикэм и кьалэн нэхъыщхьэр бзэр хьумэныр. Ар тещІыкъащ бзэм и псалъэ кьэхъукІэ Іэмалхэм. А методикэр кьытхуэгъэсэбэлъэ, абы тхэкІэри псэлъэкІэри нэхъ тэмэм, убзыхуэ, кьулей ищІынущ. КьищынэмыщІауэ, а бзэр зыІыгъыпІэ абы ирипсэлъэну хуейуэ щыІнымкІэ зы Іуэхуэ ящІэфІ. «Псалъэ кьэхъуклІэ ебгъащІэжІэ бзэр ящІэну?» - апхуэдизу жаІэ Іуэхум кууэ зэмыпгъахэм. Псалъэ кьоунэху, ар бзэм кьыщыдгъэсэбэнкІэр, нэхъ кьулей мэхъу. Нэхъыщхьэу зи гугъу сщІы методикэм хэлъым щыщу кьыщІэкІынщ зы мэхъэнэкІэ зэпха псалъэ гуэлъ щхьэ кьызэрыбгъэхъуфыр. Сабийм жиІэнумрэ ар кьыдзэрыкІ псалъэмрэ тэмэму зэтехуэу кьагъэсэбэпыфу ирегъасэ. Адыгэбзэм псалъэу диІэр зэгъэсу кьыхэзыщІекъуэжь а методикэм икІи сабийм и пащхьэм ирелъхьэ. Гуауэр, гуапэр зэрызыхащІэм хуэдэу, псалъэр зыхащІэу егъэсэн хуейщ сабийр.

- Ильэс Іэджэ щауэ дунейпсом адыгэр щикъухьауэ допсэу икІи дэнэ щыІэми и бзэр зэрикъужмэжьыным хущІэхьуну кьэгъэзгурыІуащ, - жиІащ псалъэмакъым кьыпищэу **ХьэфІыцІэ Мухьэмэд**. - 1969 гъэм япэу Сирием щыщыІэм сэ гу лъыстащ абы щыпсэу адыгэхэм зыри кьадэмыІэпыкьуу, а нобэ дэ гугъу дызыдехь алфавитыр езыр-езыру зрагъэщІауэ, я анэдэлъхьэжІэ псэпльэфу зэрыщытым. Ауэ нобэ адыгэбзэр зыщІэжу Сириеми, Иорданиеми, Тыркуеми исыр мащІэ дыдэщ. Ильэс 33-рэ хьауэ Иорданием адыгэ еджапІэ щолажьэри, абы еФуалІэ цыкІухэм ирагъащІэр нэсу кьагурыІуэркьым, гукІэ зрагъэщІауэ зыгуэрхэр кьыбжьаІэфынущ, «Ильэс дапщэ хуэрэ?» - жиІэну уеупщІэ, жэуап кьуаМытыжькІыфынри хэлъщ. 1972 гъэм Иорданием щыпсэу адыгэхэм я процент 50-м адыгэбзэр ящІэу щытамэ, нобэ ар зэрыхъужкІыр проценти 10 кьудейщ. Апхуэдэуэрэ еФуэкІмэ, зыхэсым яхэшыпсыхьыжьнущ. Дизэманым бзэр зыхъужмэ узэщыІыгугъынкІэ Хэкум исэраш. Араши, адыгэбзэр мыбдеж щаджэн щхьэкІэ а щыІэ тІэкІуэ дымыгъэкІуэдау ар зэредгъэфІэкІуэным дыхущІэжьуэн хуейщ. Ди тхакІуэ, усакІуэ щІэрыІуэхэм бзэ кьулейкІэ ятхаэхэм лъэпкъыр кьеджэфу щытыну дыхуеймэ, алфавитым кууу дыдэсІэбэ хьунукъым. ДыхэІэбэмэ, иджыпсту я анэдэлъхуфбзэкІэ еджэу диІэ тІэкІури тфІэкІуэдыжщ. НэгъуэщІ лъэпыкъэкІэ Іуэхум укъыщепльмэ, апхуэдизу тхылъэмэ учебникхэмрэ кьытхудэгъэкІыжьну?!

Китайм нероглиф 50,000-м нэс нІэщ, ауэ кьагъэсэбэпыр 4000 - 7000-м щІигъуркъым. Университетым щеджэ студентым минн 3-м нэс ищІэн хуейщ. Адыгэбзэм и хьэрф 59-р зэбгъэщІэну апхуэдизу гугъу-тІэ? Алфавитым ухэІэбэми, кьэрфищу зэгуэт зытухэыр кьэбзэрдейми, адыгеймі, шэрджэсми зэтехуэу кьэдгъэсэбэпу зэтхъуэжІыпхъэщ. Ар ильэс зыбжанэ и пэкІэ КъБР-м и Парламентым кьыщыхалъхьауэ щытащ, ауэ ди кьуэш республикэхэм кьыддыгъэкъым.

Адэкіэ Мухьэмэд тепсэлъыхьащ «Адыгэбзэр бджыну гугъущ», - жиІэурэ кьалэдэс адэ-анэхэм я бынхэр а дерсхэм зэрамыгъакІуэм икІи кьыхигъэщащ бзэр хьумэныр кьыщежьэр унагъуэрауэ щыщІыткІэ, абы и мыхьэнэр зыхуэдэр, ар тфІэкІуэдмэ, лъэпкъыр хэмІуэдыкьын шынагъуэ зэрыщыІэр, псом япэрауэ, балигъхэм ягурыгъэІуэн зэрыхуейр.

- УзыгъэгулэІ Іуэху ущриІэкІэ: «Абы щхьэусыгъуэ хуэхъуар сыт? - жиІэу упщІэ бгъэуву абы и жэуапыр кьлыхьуэн хуейщ, - кьыхигъэщащ **Семэн Пщыкьан**. - Сабийм и бзэр хуэзэгъэщІжырыкьым, е егъэджакІуэр я кьалэным тэмэму пэльэщыр-кьым, е ар зэрылажьэ мотодикэр хуэркьым. Іуэхур ебгъэфІэкІуэным теухуауэ кьэхэлъхьэ дэтхэнэ епльыкІэмэ фІыуи Іейуи хэлъыр зэпэлъытын хуейщ, абыкІэ гъэунэхунигъэ щхьэхуэхэр егъэІуэкІыпхъэщ. Дэ сыт хуэдэ гупсысэ утыку кьитхъэми, сыт хуэдэ Іуэху етхьэжьэми, щІыхуэм я фІэщ хьууу щытын хуейщ. Ялэ дыдэу кьыбдэзыІыгъын хуейр а лэжьыгъэм пэрытырщ. Дэ нобэ дызытепсэлъыхьэ Іуэхур ипэкІэ зыгъэжьІэтэнщ егъэджакІуэхэращи, ди гупсысэр абыхэм кьыддалІыгъуу, еплыкІэ кьыхэтлъхьэхэмкІэ арэзыуэ щытын хуейщ. Зыгъэрым уиафэ тетщІыхьын щхьэкІэ, а Іуэхум фІыуэ хэзыщІыкІым и чэнджэщ дыхуэныкьуэщ, абы ирилажьэхэр кьыхэтлъхьэ гупсысэмкІэ арэзыуэ, гъэунэхунигъэхэр егъэкІуэкІауэ утыку кьыпхъэ хьунущ.

КъБКъУ-м и адыгэ кьудамэм щеджэхэм я щІэныгъэм арэзыуэ укъызэримыщІыр, уеблэмэ я анэдэлъхубзэкІэ тэмэму зэремыджэфыр узыгъэгузавэ Іуэхуу зэрыщытыр жиІащ **Адыгэ Хасэм и Къэрал сэнэхьат зэІущІэ Іэщ Іэлъэлъэныгъэхэм ящІэ**. Абы и Іэдакъэщ Іэкіэхэм теуухуа кьэхутэныгъэхэр щІэныгъэлІ куэдым ирагъэкІуэкІащ, абы и романхэм, повестхэм, усыгъэхэм, поэмэхэм кьыпэджэжащ художественнэ щхьэлэм я Іуэрылыну бзэри зыхуэдэр гурыІуэгъуэ зэрыхъур. Учебникхэм я гугъу щищІым Адыгэ Къэрал университетым и ректор, абы егъэджакІуэ нэхъыфІхэр хэту дунейм кьытехьэну тхылъхэр зыхуэдэр кьапщытэу зэрекІуэкІам икІи кьыхэпльхьащ а Іуэхур кьыдэхьжьпхъэу.

- Ди бзэр щытыкІэ гугъу зэрихуар кьегъэльагъуэ университетым и адыгэ кьудамэм щІэтыхьэну нэгъабэ зи тхылъ зытам я бжьыгъэм. Ар зы цыкІу закъуэщ... - жиІащ **Хьурей Феликс**. - Бзэм и Іуэху дэгъэжІыныкІэ, ар егъэфажьэныкІэ ди институтыр сыткІи дэІэпыкьуэгъу хьунущ. «Адыгэ псалъэ» тхылъыр хьэзыр щыхъуи кьыдэдгъэкІащ. Абыкіэ гъэунэхунигъэ дерсхэр Дохъуныкъуей, Урыку кьуажьэхэм щрагъэкІуэкІащ икІи хъарзынэу кьайхъуліауэ кьалытащ. Апхуэдэ дерсхэр нэгъуэщІ еджапІэхэми щегъэкІуэкІауэ, а мотехникэм и мыхьэнэр нэсу гъэунэхун хуейщ. ДызыщІэгупсысыжмэ, нобэ анэдэлъхубзэр джыным и Іуэхур щыткІэ гугъу дыдэм кьыхэтащ.

Адэкіэ **Къэжэр Артур** тепсэлъыхьащ адыгэбзэм хуэунэтІауэ КъБКъУ-м щекІуэкІ лэжьыгъэм. Абы кьыззэрыкигъэщамкІэ, мы зэманым гуманитар щІэныгъэр кьыхэзыхэр кІуэ пэтми нэхъ мащІэ мэхъу, ныбжьыщІэхэм нэхъыбэу зытрагъащІэр юрист, экономист Іэщагъэхэрщ. Адыгэбзэм хуеджэну гупыж зиІэр зэрымащІэм, бзэр фІыуэ зэрамыщІэм и щхьэусыгъуэр кьыщыІныхьуэпхъэр школхэращ зэрыщытыр Артур. Апхуэдэуи и гугъу ищІащ факультет псоми япэ курсым щІэсхэм зы ильэскІэ адыгэбзэр зэрыщІрагъэджьым, абыкІэ экзамен кьызэрыІахьыжьым. Къэжэрым и псалъэхэм кьызэрыхэщамкІэ, мыбдеж студентхэр а сыхьэтыр зэрыдагъэхуным нужь итщ, уеблэмэ абыхэм я адэ-анэ кьулыкъущІэхэр я бынхэм адыгэбзэр джыныр «кьытрамыгъэхьэлъэну» щІольэу.

- Адыгэбзэр джыным и Іуэхур зыхуэхэІуар гущІыхьэщ, жиІащ **Сэхьурокъуэ Хьэутий**, - ауэ зэкІэлІэ гуэр кьыхуумыгъуэтыфын хуэдэу щытыкым. Псалъэм папщІэ, адыгэ кьудамэм щІэтІысхьэхэм я бжьыгъэм тхуэхэгъэхьуэжьнущ. Район кьэс зы цыкІу КъБКъУ-м хущІэгъэтІысхьэн хуейщ. Бзэр зи акьылым нэхъ хэпщ, ар зэрыщуэу зыІурылъ ныбжьыщІэхэр Іуэхум нэхъ тезыгъэгушхэн Іэмалхэр, хэкІыпІэхэр кьэлыпхъэупхьэщ. ДыщьипсалъэкІэ, псори дыадыгэ нэсщ, адыгэгу ткІуэцІыпщ, ауэ дыкьызыхэкІа льэпкъым Іурылъ бзэрефІэкІуэнымкІэ зыми зыри тхуэзэфІэмыкІыу дыкьыщІедзыж. Нобэ кьетхъэжьа Іуэхур тхылъымпІэм иту кьэмынэжу, ар гъащІэм хэпщ зэрыхъуным дихуащІэкъупхьащ.

Абы ипкъ иткІэ, Сэхьурокъуэ Хьэутий кьыхилъхьащ алфавитыр егъэфІэкІуэным, бзэм зегъэужьыным теухуа мыпхуэдэ зэІущІэхэр Кьэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ республикэхэм я бзэ щІэныгъэлэжьхэр хэту кьызэгъэпэщын хуейуэ икІи нужьым псомя я Іуэху еплыкІэр кьыщІызэщІакъуэж зы зэІущІэшхуэ егъэкІуэкІыпхъэ.

ЩІХЬЭЩЭМЫЩІ Иэз.

«Гугъэр»

● Пщыхьэр

щыгъэу зэролъэлъ

Хьурей Феликс

Хьэвжокъуэ Людмилэ

Кьаныкъуэ Заринэ

ЗэПЕУэМ и кьызэгъэпэщакІуэхэм я мурад нэхъыщхьэр кьыдэкІуэтей щІэблэм адыгэбзэкІэ тхэяхтмэ, ахэр наІуэ кьащІынырщ, гъэгушхуэныр. Абы хэтыну кьыхураджат адыгэбзэкІэ усэ, прозэ, литературэм и жанр зэмылІэужьыгъуэхэм дихьэхэр. Ди жагъуэ зэрыхъуащ, прозэу кьрахьэлІар мащІэщ, ахэри гулъытэ щхьэхуэ зыхуэщІыпхъэу жюрим хэтхэм кьыщамыІыхьтэм, увыпІэ щхьэхуэ хуэгъэзащІ ящІым. КъэпщытакІуэ гупым и лъэпкъкІэ тхыгъэхэм еджащ, я псалъи жаІащ усакІуэ, тхакІуэ **Бешто́къуэ Хьэбас**, филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Щоджэнцыкіу Нинэ**, адыгэбзэмкІэ егъэджакІуэ, ухэсёйпсо зэпеуэм щытекІуэ **Хур Мадинэ** сымэ.

Увыпіэ щхьэхуэ кьимыхьами, усэ зытх зы щІалэ и щІэ кьыхэгъэщащ. Щхьэпкъым Іуэхуэ я ужь, ар зэхъуэкІынкІэ Іуэхум и уеблэмэ, и Іэдакъэщ Іэкіэхэм псэкупсэ ІыбжькІэ зэрагъэпапщІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым экономикэмкІэ и факультетым и студент **Шыбзыхъуэ Астемырщ** зи щІэ къраІуар. Ещанэ увыпІэр, зэпеуэм кьыщихьащ КъБКъУ-м филологемкІэ и институтым адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и кьудамэм и етуанэ курсым щеджэ **Хьэрэдурэ Аллэ**. Ар Тэрч щІыналъэм хыхьэ Курп Ипщэ (Исльэмей) кьуажэм щыщІ, зэпеуэм щигъэлъэгъуар и зэсехэращ. ЕтІуанэ увыпІэр хуагъэфащащ «Шыхулъагъуэ литературэ хасэм хэт **Бэрбэч Аслъэнджэрий**. Ар Аушыджэр кьуажэм щыщІ, КъБКъУ-м, «Нанотехнологиемрэ электроникэмрэ» кьудамэм, и етхуанэ курсым щоджэ. Бэрбэчым и усэхэр республикэм кьыщыдэкІ журналхэмрэ газетхэмрэ мызэ-мытІэу кьытрадзащ. Литературэ хасэм хэтхэм я тхыгъэхэр щызэхэхуэхэса «КъудамэщІэ», «Шыхулъагъуэм» и вагъуэхэр» тхылъхэм итщ Аслъэнджэрий и Іэдакъэщ Іэкіэхэм ящыщ.

Зэпеуэр иджыри зэ щыхьэт техьащ щІалэгъуалэр проз зэ жанрым нэхъ усэм нэхъ зэрыдихьэхыр. Пьесэмрэ прозэмрэ зэкІэ гульытэншэу кьэнащ. Усэным нэхъ ящІэжьэу ялытари, ялэ увыпІэр хуагъэфащащ **Хьэвжокъуэ Людмилэ**. Усэ нэгъэсахэр зи Іэдакъэ кьыщІэкІ пщащэр щІэныгъэмэ хозагъэ. Людмилэ Нартан кьуажэм щыщщ, усэ зэритхым кьыщынэмыщІауэ, литературэр едж, филологие щІэныгъэхэм я кандидатщ, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ щІэныгъэ институтым кьэбэрдей литературэмкІэ и кьудамэм и лэжьакІуэщ. Хьэвжокъуэм и усэхэр республикэм кьыщыдэкІ газет, журнал зэмылІэужьыгъуэхэм кьытохуэ. 2011 гъэм Людмилэ и усэ тхылъ щхьэхуэ, «Гуэлъ налъэ» жьыхуІэр, дунейм кьытехьащ.

- Зэпеуэм и кьызэгъэпэщакІуэхэм фІыщІэшхуэ яхуэфащэщ, щІэблэр кьаззэрыфІэІуэхум, ядэІэпыкъун гуращэ зэраІэм папщІэ, - жиІащ Хьэвжокъуэ Людмилэ.

Бизнесымкіэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и ректор, философие щІэныгъэхэм я доктор, академик **Хьурей Феликс** зэпеуэм и кьызэгъэпэщакІуэхэм, щхьэхуэу Кьаныкъуэ Заринэ, фІыщІэшхуэ яхуищІащ. Пьэпкъым папщІэ зэфІагъэкІ лэжьыгъэхэм, Іуэху щхьэпэхэм пщІэ лей зэрахуэфащэр и псалъэм кьыхигъэщащ.

БизнесымкІэ институтымрэ КъБКъУ-м Филологиемкіэ и институтымрэ я студентхэр Кьаныкъуэ Заринэ и усэхэм дахэу, гъэхуауэ кьеджа иужькІэ, упщІэ зиІэхэм усакІуэм зыхуагъэзащ. ТхакІуэм хуэдэу и Іэдакъэщ Іэкіэр зыми хуэужьащІэнукъым - Заринэ и усэхэм кьыщеджэжьым, кьызэхуэсахэм дагъэхуІакІэ шынэ хуэдэ псалъэ напІэ зыІэпамыгъэхуу щІэдэІуащ. Мы пшыхьым щІэса дэтхэнэми гупсысэ нэху, дахагъэ и гум кьыщыуШауэ здыщІихьжащ. Литературэм и мыхьэнэр, кьаІэныр абдеж кьыщохьэ...

Ди гуапэу тыдодэзэ зэпеуэм щытекІуэ Хьэвжокъуэ Людмилэ и усэхэм щыщ.

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.

Шыбзыхъуэ Астемыр

Бэрбэч Аслъэнджэрий

Хьэрэдурэ Аллэ

Иуаз Зубер

ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ и усэхэр

● Макъыщ1э

Бжьыхьэ

Гъуэгу псыфым тхьэмпэ гъуэжь
тепхъащ,
Зэхэтщ жыг пІанэхэр кІэкуакуэу.
Жьы уаер кьэсри, кьэзэпхъащ,
Плъажьыбзэу кьысхуилащ си нэкІур.

Кьуаргьыжьхэм уафэр яуфэбгъуащ,
Цыджан фызышэу зэрызехьэу.
Уэшх щІыІэр си пкьым
кьысфІепхъащ,
Макъ щэхуКІэ си псэр игъэпхъэщ.

ИтІани си гуи емыбгъа,
Гукъани хуэзмыщІа мы бжьыхьэм...
Насып дыщэпс кьытрипхъащ
Ешым и плъыфэу сэхуэ си щхьэм.

* * *

Адыгэ фащэ щыстІэгъауэ,
Нэхущым щэхуу сыхьхьауэ,
Уэшх-шылэхъар кьыззэрпхъуауэ,
Жьым тхьэмпэ гъуэжь
кьызэпхъхауэ,
Пшынауэ уафэр кьэльэхьшауэ,
Кьэфакіуэ жьыгхэр кьыдашауэ,
Сыхуашэжауэ бжьыхьэ-щэуэм
СопщІыхь, сымыщІу сэ нэху щауэ.

Адыгэ пшынэ

Адыгэ пшынэ, уи Іэпэ дыщэм
Кьыпыщ макъаежр гущхъэм тощащэ,
Уэзрощэщыр, зигъаззэу гущІэм,
Щауэм лэгъунэм щІишамэ пщащэр.

ЩитІагъэм пщащэм фащэ дахащэр,
КьыбгоШ макъамэр, си псэм
кьыхэпшу,
Уэ бдесхьэкІынущ схухиха гъащІэр,
Сыбдэусэнкіэ зикІ зызмыгъэнщІу.

Уэ зырщ щыгъуаззэр гум дыхьэ
льагъуэм,
Уемызэшьжу укъызоубзэ.
Сэ кьызжиІэфыр
уэ уи зы гъуагъуэм
Кьыхуэзыуэтэну щымыІэ зы бзэ.

Сэ цІыхуу сыкъэнэнущ!

Сэ цІыхуу сыкъэнэнущ
Си фащэкІи, си щэнкІи,
Гуращэ зэІущІэкІи...
Сэ цІыхуу сыкъэнэнущ.

Цыхугъэр щыхъэмэнущ
Щэ-псалъэ кьызэутІыпщ,
Дунейр зыкьутэ губжьми
Цыхугъэр щыхъэмэнущ.

СрещІ теІущІыкІыпІэ -
Арщ кьыхуэнэжьр и пІэ
Имызэгъэзэж жагъуэгъэм...
СрещІ теІущІыкІыпІэ.

Сэ цІыхуу сыкъэнэнущ,
Пщэзджьыжьклэ кьыщІэкІ дыгъэм
Пэджэжу псэ нэхугъэр...
Сэ цІыхуу сыкъэнэнущ!

Зы къару гуэрым укъыстхуэшэ

Зы къару гуэрым укъыстхуэшэ,
Зы къару гуэрым узбгъэдэш.
Ди зэхуэку гъэзэгу нашэжьашэу
Зэхэщыхьащи, уцоозэш.

Укъыщыстхуищэм псыІэрыщэм,
Мывэ кьыр льагэр кьыппоув.
УщьфІэкІыфкІи уэ бнитщэм,
Уи пащхьэр кхэкъу мэз чыцэ Іув.

ИтІани уи псэр тепыІэнэщ, -
Сэ сыззрожьэр щІэ хьунщ...
Зы къару гуэрым укъыстхуэшэ,
Укъыгъэм фІэфщІ усщыгъун.

* * *

КхъыІэ, пщыкІэ зэгуегъэчэ
Зэгуэр уигу кьыззбгъэ хьумэ,
Си псэ пщІанэу схуэмыкъуэм
Кьаиэ папщІэкІэ кьепщэж.

Ухуейм, гущхъэр зэгуегъэчэ
ГубжькІэ кхъбутІыпщ фочышэм.
Ауэ, гъуэгу щтырыгъу сытепшэу,
КхъыІэ, пщыкІэ сумыукІ.

Мэшбащ1э Исхьэкъ и тхылъхэр

● ДифІ догъэлъапІэ

Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я щІыхубэ тхакІуэ, СССР-м, УФ-м, АР-м я Къэрал саугъэтхэм я лауреат, Шолоховым и щІэІэ щыІэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм я саугъэтхэм я лауреат Мэшбащ1э Исхьэкъ Урысейм и мызакъуэу, хамэ къэрал куэдым и щІэр фІыкІэ щыІуащ. Абы и Іэдакъэщ Іэкіэхэм теуухуа кьэхутэныгъэхэр щІэныгъэлІ куэдым ирагъэкІуэкІащ, абы и романхэм, повестхэм, усыгъэхэм, поэмэхэм кьыпэджэжащ художественнэ псалъэм и мыхьэнэм кууу хэзыщІыкІ Іэщ ІагъэлІхэр.

МэШБАЩІЭМ и тхыгъэхэр узыІэпишэу щІыбоджькІ, пэжым и телъхъэ тхакІуэм и Іэдакъэщ Іэкіэхэм нэхъыбэу лъабжьэ хуэхъуар и пІэкъым и тхыдэщ, абы кьыхэкІыуи абыхэм я щІэщыгъуагъэр имыкІыу сыт хуэдэ зэманми пхрыкІыфынущ.

ТхакІуэ щІэрыІуэм и ныбжьыр ильэс 85-рэ щрикъум ирихьэлІэу (2016 гъэм) абы и тхыгъэхэр щызэхуэхъэса тхылъхэр том 15 хуэдизу гэбзэкІэ Мейкъуэпэ кьыщыдагъэкІыжьнущ. Ялэ томиплІыр дызэрыт ильэсым дунейм кьытехьэнущ: «Усэхэр», «Усэхэмрэ поэмэхэмрэ», «Цыхур тІэу кьалъхуркъым», «Жьапщэ ильэсхэр» романхэр (а тІур зэщІыгъуущ), «Ягъеижахэм ежьэрыкъым», «ФІы щІэн, псым хдэзэ» (ахэри зэщІыгъуущ). 2014 гъэм кьыздэкІынущ «Нэхущ льагъуэхэр», «Гуащэней», «КъуэкІыпІэмрэ кьухьэпІэмрэ», «Ридадэ», «Адыгэхэр» романхэр. 2015 гъэм хуагъэхьэзыр «Айшэт», «Ваиикъуэ зауэ», «Мывэ щхьэл», «Хьан-Джэрий» тхыгъэхэр. 2016 гъэм кьыздагъэкІынущ «Гъэрит», «Жасуе», «Жьихьэмэ мафІэ» романхэр.

Иужьрей тому Іыхьитіу гуэшауэ щытынущ. Ялэм - «ЩІыгумрэ зэгурэ я зэхуакум сыт щІэзэ?» фІэщІыгъэр зиІэм - Мэшбащ1э Исхьэкъ теухуауэ ятхаэхэр кьыщыззэщІэкъуэжащ, «Литературэр си гъащІэщ» Іыхьэм тхакІуэм езым и Іэдакъэщ Іэкі тхыгъэхэр щызэхуэхъэсащ.

ГЪУКІАКЪУЭ Идар.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Тхыдэри щэнхабзэри щыІэхэуХуэна лэжьыгъэхэр

Тхъэкіумашэ Михаил

КъБР-м и Лъэпкъ музеим къыщыдэІуахащ РСФСР-м щІыхь зиІэ и сурэтыщІ, КъБР-м и щІыхь-бэ художник, республикэм и Къэрал саугъэтым и лауреат Тхъэкіумашэ Михаил и лэжьыгъэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ. Ар къыдэрагъэпэщащ сурэтыщІ Іэзэр къыдэральхуэрэ илъэс 85-рэ зэрырикъум и щІыхьхьІэ.

РЕСПУБЛИКЭМ и тхыдэр, абы и цІыху цІырыІуэхэр зи лъабжьэ лэжьыгъэхэм епІлъыну куэд къыдэхуэсат. Тхъэкіумашэм ищІа дахагъэхэр гунэс эращІыхьум къыдэкІуэу, республикэм нэхъ мащІэрэ щІыпІагъу скульптурэ выставкэм налшыкдэсхэр зэрыкуэдшар Іуплщт. Къалэм скульптурэхэр къыщэремощэкІыр абы хэпІлъхьэкмэ, нэри псэри зыхьэху дахагъэр, пІалъэкІэ нэхъ мыхъуми, зи хэщІапІэ хъуа Іьэпкъ музейр щІыху кІуапІэт. Михаил 80 гъэхэм щыщІэдзауэ нобэр къыздэсым и Іэдакъэм кІыщІэкІахэм я нэхъыфІхэр щІыхэхэхьэса мы гъэлъэгъуэныгъэм уеПІлъыну гухэхъуэщ.

Къыхэгъэщипхъэщ Михаил и лэжьыгъэхэм щІэбгъэр зэрыщІапІыкІыр. Тхыдэмкіэ езыгъаджэхэм шоладкІуэхэмрэ студентхэмрэ ирагъэпІъ скульпторым и лэжьыгъэу Налшык къалэм и уэрамхэм дэтхэм. Ахэр сэбэп мэхъу республикэм и блэкІам щІалэръуаэр щыгъуазэу, лъэпкъым и щэнхабзэ хьугъуэфІыгъуэхэр якъумэу къэгъуэгурыкІуэнымкІэ.

- Республикэр, абы и къалащхьэр игъэдахэ Михаил и скульптурэхэм. Щэч хэлъкъым, щІыхум и Іэдакъэщ зэрыщІыкІэм нэхъ гъунэгъуу зыщІбгъэгъуэзэхуІэ, абы къыкІуа гъуэгуанэми уэзэрипІлъжьым. Тхыдэр зи лъабжьэ, гъэсэныгъэщинныгъэ мыхьэнэ зиІэ а скульптурэхэм дэтхэнэ зыри дыщІапІыкІащ. Илъэс зыбжанэм и кІуэцІкІэ Михаил и Іэдакъэм къыщІэкІа лэжьыгъэхэр фи пащхьэ идоль-хьэ, зыцІэнщІыху фепІъыныри Іэмал фиІэщ. Тхъэкіумашэ Михаил ящыщщ пщІэ зыхуэтщІу республикэм и дзи нэхъыжьыфІхэм. Узыншагъэ быдэ Тхъэм кърат, лэжьыгъэфІхэмкІэ дяпэкІи дигъэгуфІэну дгуапэщ, - жиІащ Іьэпкъ музейм и унафэщІ **Пакуэ Феликс** зэхьихьэр къыщыхэзгъэхэр.

РСФСР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Ефэнды Джылахьстэн,** КъБР-м и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм и правлензм и унафэщІ **Темыркъан Геннадий**, Бизнесымкіэ институтым и ректор, философие щэныгъэхэм я доктор, академик **Хъурей Феликс,** Гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ ехьэлІа фэепІлъэр зыхьэмэ Урысейпсо зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщІ, КъШР-мрэ КъБР-мрэ я щыхубз усакІуэ **Созаев Ахьмэт,** нэгъуэщІхэми къыхагъэщащ Михаил и лэжьыгъэхэм пщІэ ин зэраІэр, республикэм исэр скульптор Іэзэм зэрыригушхэр.

ТхъэкІумашэ Михаил фІыщІэ яхунщІащ зэхьихьэр къыщІэзыгъэпэщахэмрэ абы кьрихьэлІахэмрэ.

ЗэІущІэм хэтащ Михаил и благъэхэмрэ ныбжьэгъухэмрэ, сурэтыщІхэр, республикэм и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я лэжьакІуэхэр, студентхэр, школакІуэхэр.

Утыкум кьрахьа скульптурэ, портрет телъыджэхэм куэд къыхэщІаубыдэ. Жыпіэнрякъэ, абыхэм щыІэхэуХуэнащ республикэм и тхыдэри, гъащІэри, щэнхабзэри, литературэри, иэгъуэщІ куэди. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІэр нэгъуэщІ щыналъхэм фІыкІэ щызыІэгъуа, республикэм и щэнхабзэмрэ литературэмрэ зезыгъэужьа цІыху цІэрыІуэхэу Нэгумэ Шорэ, ПащІэ Бэчмыргэ, Щоджэнщыкіу Алий, Кіуащ Бетіал, Мечиев Кязим, Мэлбахьуэ Тимборэ, Кіыщокъуэ Алим, Кулиев Кьайсын, КьардэнгъущІ Зыраныку, Тхьэхужь Алий, Темыркъан Юрэ сымэ яхунгъэпса лэжьыгъэхэр Тхъэкіумашэм фІыуэ кьыззрелъхуІам щэч хэлъкъым.

Музейм и лэжьакІуэхэм кьыззрыджаІамкІэ, мы гъэлъэгъуэныгъэр кьыззрызэІуахрэ зэпымыууэ цІыхухэу макІуэ. Лэжьыгъэхэр кьаззрыщыхьуам теухуа я гупсысэхэмрэ фІыщІэ псалъэхэмрэ музейм и тхылъым иратхэ. Псалъэм папщІэ, налшыкдэс пенсионерым а тхыльым иритащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр цІыху зэчиифІэхэмкІэ зэрыкъуелІр, Урысейм, нэгъуэщІ щІыналъэхэм я музей нэхъыфІ дыдэхэм Тхъэкіумашэм и скульптурэр лэжьыгъэхэр утыку щитхьэмэ зэрахуэфащэр, псом хуэмыдэу маэстро Темыркъан Юрэ и бюстыр игу зэрырихьар. Санкт-Петербург къикІыу ди республикэм щыхьэщІа иэгъэущІ зым итхащ ТхъэкІумашэм и скульптурэхэмрэ сурэтхэмрэ игу зэрырихьар, ауэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр кьыззрыгэхуам, абы зэрызнужьам, и щІыхуэм зэрахьа лІыгъэм, я ехьулІэныгъэхэм теухуамкІэ, экологие фэепІхэмкІэ ди музейр зэрыкъуелІр.

ТхъэкІумашэ Михаил и лэжьыгъэхэм епІлъыну гукъэдэж зиІэхэм зэману иджыри маэ фиІэщ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.



Нэгумэ Шорэ

Кіыщокъуэ Алим

● Футбол

Аргуэру - Тыркум

Къыпэщылъ зэпеуэхэм «Спартак-Налшыкым» илъэс къэс Тыркум зыщыхуегъэхьэзыр. Мис аргуэруи блыщхъэ кІуам ар абы ежьащ.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ и къалащхьэм тхьэмахуитІкІэ зыщызыгъэса налшыкдэсхэм иджы Тыркум и Анталье щІыпІэм щылпащэнущ. Абы «Спартак-Налшыкым» зэныбжьэгъугъэ зэІущІнущ щригъэжкІуэжІынущ. Хьэрхуэрэгъуэхэр къыщыхахынур нэхъ иужьыІуэжІащ.

Ди командэм къыхагъэхьэну зыкІэльыплъ щІалэ зыбжанэ Тыркум здашащ. Абыхэм зыкъызэрагъэлъагъуэм елъытауэ адэкІи ядэлэжьэнущ. ЗэкІэ накъыгъум и 31 щІэндж бдджэнду къащтащ Колумбием щыщ гъуащхьэхъумэныкъуэ Флорес Карлос Андреас Руа. Ар Юрмалэ (Латвие) и «Спартак»-м къращащ. Налшыкдэсхэм иджыри цІыхуибгъу зыхагъэхьэну хуитщ.

«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэу щыта Красножан Юрэ къигъэзэжыну ящыныкъуэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм ирахьажьа псалъэмакъыр пщІыуэ къыщІэкІащ. Ардыдэращ пхужиІэнэр «Мордовия»-м бдджэнду иратауэ щыта Концедалов Романи теухуауэ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Болэм и гупыр адэкІэ макІуэ

«Спартак-Налшыкым» и гъуащхьауэ Болэ Руслан зыхэт Урысей Федерацэм футболымкІэ и щІалэгъуэлъ командэ къыхэхар Санкт-Петербург щеІуэкІ «Зэныбжьэгъугъэм и кубок-2013»-м и финалым и Іыхьэ плІанэм кІуащ.

Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам зыхэта гупым бжьыпэр щиубыдащ. Ящэ зэІущІитІым Узбекистанымрэ Къыргызыстанрэ къикІахэм ар япэлъэщакъым икІи ахэр зэрытемыгъэкІуауэ, 2:2, 0:0-у, нухащ. Ещанэм Къэзахъстаным и командэ къыхэхар 7:3-уэ хигъэщІащ. ЗэІущІэ псоми «Спартак-Налшыкым» и гъуазджьауэ ныбжьыщІэр хэтащ икІи жыдкэрэ зыкъигъэльэгъуащ.

КЪЭХЪУН Бэч.



Бэджыдэ Иналрэ Вэрокъуэ Льостэнрэ.

Спортыр зи Іэпэгъуэхэр

Армэ Іэпщэрыбанэ зэрэзауэмкІэ КъБР-м и федерацэм и унафэщІ Шэрджес Заурбэч зэрыжиІэмкІэ, а спорт лІэужьыгъуэм дехьэх ныбжьыщІэ, щІалэгъуалэ куэд. Абы щыхуагъасэ секцэм зыхьэну гукъыдэж зиІэ дэтхэнэрэ я зэфІэкІ зегъэунэхуну Іэмал ират.

- ЯПЭ илъэсым хуэмурэ йосэ ныбы щыгъуэва хабзэхэм. Адэкіэ нэхъ Іупщі мэхъу хэт сыт хуэзэфІэкІынуми. Іэмал имыІэу щыткъым дэтхэнэри чемпион мыхъуну, псоми спортыр Іэщіагъэ яхуэмыхъуну. Узынішэу, жыджэру, Іэчлъэчагъ хэлъу кІыдзэкІуэтеин папщІэ, сабийр спортым дегъэхьэхьи хуейщ,- жиІэ Заурбэч.

Ныбжькіэ нэхъ щІалэ гъэсэнхэм ящыщу абы кьыхигъэщащ Бэджыдэ Иналрэ Вэрокъуэ Льостэнрэ. Ахэр ящыщщ нэхъ ерыщу, еш ямыщІэу зызыгъасэхэм.

Налшыкдэс Бэджыдэ Инал и ныбжьыр илъэсипщІ мэхъу. Ар армэ Іэпщэрыбанэ зэрэауэм зыщыхуагъасэ секцэм и къуэ еппланэ хьуауэ ёокІуалІэ. 2012 гъэм а спорт лІэужьыгъуэмкІэ Налшык щекІуэкІа къалэ зэхьэзэхуэм чемпион щыхъуащ. А екъулІэныгъэм игъэгушхуэ Инал нэхъри ерыщу зегъасэ.

- Ди секцэм сыкъыщІэкІуэри си ныбжьэгъухэм сахуэзэну, сльагъуну аракъым, абыхэм уэрамми сащыІуощІэф. Нэхъыщхьэр зызгъэсэныщ, нэхъ лъэщ зысщІыныщ. Адрей спорт лІэужьыгъуэхэм кьахьІэох нэхъ сыдэзыхьэх армэ Іэпщэрыбанэ зэрэауэр, - жиІэ Инал.

Инал езым нэхъыжьхэр хьэрхуэрэгъу кьыхуэхьуэм нэхъ кьещтэ. Кьыгуроіуэ ахэр нэхъ лъэщу, гугъу уадехьу зэрыщытыр. Спортсмен ныбжьыщІэм зэрыжиІэщи, уи кьаурэр гуащІэрэ хьыумЫлъхьэу зыгъуэрым утекІуэнкІэ гъэщІэгъуэнкъым.

Бэджыдэ Инал спортым зэман зэрытригъэкІуадэр, зэрыдихьэхыр и еджэным зыкІи эрэан хуэхъуркъым. Абы и лъэупсапІэщ, кьыдэкІуэтеймэ, и адэм и лъэужьым ирикІуэну, полиц1э Іэщіагъэр кьыхихыну.

Спортыр узынщагъэм и нэщэнэу, абы Іэпкьлъэпкьэр псыщІэ, жыджэр ящІу кьелытгэ Вэрокъуэ Льостэн. Ар Шэджэм щыщщ, илъэси 8 мэхъу. Школым фІыуэ зэрыщІеджэм нэмыщІ, дехьэх армэ Іэпщэрыбанэ зэзэауэ спорт лІэужьыгъуэм икІи илъэс хьуауэ абы зыщыхуагъасэ секцэм ёокІуалІэ. ЩІалэ цІыкІур зыхэт гупым я нэхъыщІэщ, ауэ щыхъукІи, щхьэх имыщІэу, ерыщу зэрызигъасэм и сэбэпкІэ хьэрхуэрэгъу кьыхуэхьуэрэр нэхъыбэм хегъащІэ. Езыр кьыщрагъэкІуэткІэ и жагъуэ хьуркъым, атІэ нэхъ ерыщу зегъасэ, иужькІэ езыр текІуэн хуэдэу.

Льостэн иджыри ищІэркъым, кьыдэкІуэтеймэ, зыхуеджэнур. Спортыр Іэщіагъэ хуэхьун, нэгъуэщІ гуэрым дихьэхьинкІи хьунщ. Ауэ шэч зыхэмылъыр зыщ - абы спортыр и ныбжьэгъущи, узынщэу, Іэчлъэчу кьэхьунущ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

● Дзюдо

Нэхъ лъэщхэр кьыхах

«Налшык» спорткомплексым щекІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым дзюдомкІэ пашэныгъэ кьыщыхьыным хуэунэтІауэ 1993-1995 гъэхэм кьалъхуа ныбжьыщІэхэм я зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ спортсмен 50, Зэпеуэм и кьызэгъэпэщакІуэщ КъБР-м Спортымрэ туризмэмкІэ и министерствэр, республикэм дзюдомкІэ и федерацэр.

ДЗЮДОИСТ ныбжьыщІэхэм я хьэльатэу елъытауэ зыхэта зэпеуэхэм кьыщыхэжаныкІахэм щІыхь тхьилъхэмрэ медалхэмрэ ираташ.

КІФЧІЦІ-м пашэныгъэ кьыщыхьыныкІэ мазаем и кІэм екІуэкІыну зэхьэзэхуэм хэтыну Іэмал ягъуэтащ спортсмен 20-м. Ахэр я хьэльагъ елъытауэ зыхэта гупхэм щытекІуэхэу Джолабов Кьайсын, Хьэхьупащ1э Бесльэн, Абазэ Ислъам, Кьущхьэ Жамболэт, Мусэ Ахьмэд, Кьущхьэ Вадим, Хьурсинэ Зальихьан, Гъубж Мурат, етІуанэ хьуахэу Гурский Александр, Циканов Ислъам, Гаджиболаев Артур, Джатэгъэжь Елдар, Тхьэгъэзит Аззмэт, Улбащ Чэрим, ещанэ увыпІэр зыльысасхэу Грищенкэ Григорий, Кьущхьэ Жамбот, Дышэжь Алим, Тхьэгъэзит Іэдэм, Журт Ислъам, Настуев Аарэт, Йндреев Кьантемыр, Черноситов Дмитрий, Бэгъуэт Аскэр, Урыс Аслъан, Лъэмытхьэщ Тимур сымэщ.

ПЩЫНОКЪУЭ Залым,
КъБР-м Спортымрэ туризмэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущапіэм и лэжьакІуэ.



«Кабардинка» къэрал академическэ къэфакІуэ ансамблыр ди къэралым и мызакъуэу, дуней псом и щІыпІэ куэдым къыщыцІыху. ІэгуауэшхуэкІэ къыратэблагъэ.

● Аруан куей

ІэмалыщІэхэр къагъэсэбэп

Нарткъалэ дэт курыт школ №6-р интерактивнэ доска къыхуашэным поплъэ.

ИДЖЫРЕЙ егъэджэныгъэ Іэмалхэм я нэхъыфІхэм хабжэ мы Іэмэпсымэщ1эр къыхьэхуащ «Илъэсым и егъэджакІуэфІ» урысейпсо зэхьэзэхуэм къыщыхэжаныкІа Бахъуэ Іэлфусэ.

Есэпымкіэ езыгъаджэ мы лэжьакІуэ Іэзэм интерактивнэ доскам и Іэмал гъуэзэджэхэр и щыпэ къэгъэсэбэпкъым. Абы зэрыжиІэмкІэ, мыр къыззрыгэкІ доскахэм нэхъри хуэди 4-кІэ зэрынэхъиным и мызакъуэу, дэтхэнэ зы еджакІуэми Іэмал кьрет лэжьыгъэм творческэ бгъэдыхьэкІэщІэхэр кьыщигъэсэбэпыну, езым и Іуэху еплъыкІэ хилъхьну. Егъэджэныгъэ Іэмалхэр егъэфІэкІуэныкІэ мы хьэнэ ин зиІэ мы Іэмэпсымэр къызэрыратыным егъэджакІуэхэр екІуэкІу цІыкІуэри зэхуэдэу щыгуфІыкІащ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Бахъсэн куей

Я зэхэщІыкІым хохъуэ

Къыдэкіуэтей щІэблэм гъэсэныгъэ тэмэм ябгъэдэлъхьэным тёуХуэ лэжьыгъэфІхэр щокІуэкІ Ислъэмей дэт курыт еджапІэ №24-м зи школ къуэгъуэ нэмысахэм папщІэ иІэ къудамэм. Абы къекІуалІэ щыкІуэм драгъэкІуэкІ дёрсхэр иджырей мардэхэм тёту зэрауХуэм и мызакъуэу, гъэсэкІуэхэр хущІокъуэ абыхэм я къэуІуам зэныгъэрыжь Іэмалхэри купщІафІэу къыззрагъэсэбэпыным.

ПСОМ хэмыдэу сабийхэр дехьэх ди щІыналъэм, дыкъэзыхуэхуурейих дунейм и щэхухэм, лъэпкъ тхыдэм тёуХуэу зэхьэзэрагъэпэщ1уэхэм. Езыгъэжьауэ адрей Іэнатіэхэм ефІэкІыну мы еджапІэм иІэщ егъэджакІуэхэмрэ адэ-анэхэмрэ зэгъусэу къызэрагъэпэща «музей цІыкІу». ЩІэх-щІэхыурэ гъэсэн цІыкІуэр абы къаШэ икІи и ныбжьым тещІыкъуэу дунеяплъэхэр щрагъэкІуэкІ. ЕгъэджакІуэхэм зэрыжаІэмкІэ, мы музейм щат дерсхэм я фІыгъэкІэ сабийхэм я зэхэщІыкІ ихъуэ, къыдекІуэкІ лъэпкъ хабзэхэм, щэнхабзэм, гъуазджэм щыгъуазэ мэхъу. Ар куэд и уасэщ.

Музейм щІопъ къэпшІынкІэ зэмылІэужьыгъуэщ икІи цІыкІуэр дихьэхын хуэдэу къыхахащ. Мыбы щыплъагъунущ Іэпщ1элъапщІэхэм ягъэхьэзыра унагъуэ хьэпшІпхэр, цІыхэкІэр, зэрылажьэ Іэмэпсымэхэр, гъущІымрэ ятІэмрэ къыхащІыкІа хьэжъущыкъуэр, нэгъуэщІхэри. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри гъэсэнхэм яфІэгъэщІэгъуэну зэпаплъыхь, ахэр къыздикІам, къызэрагъэсэбэпым щыгъуазэ зыхуащІ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● КъБР-м щыІэ МВД-м къет

Адэ-анэр игъэпІейтэт

ЕджапІэ нэужьым и чэзум емыкІуэлІэжа хьыджэбз цІыкІур Нарткъалэ щыщ полицейхэм кьагъуэтыжащ.

УНЭМ мыкІужьа хьыджэбз цІыкІум и адэ-анэр гузавэри, полицэм зыхуагъэзащ. Анэм жиІащ 1999 гъэм кьалъхуа, Нарткъалэ дэт курыт еджапІэ №5-м и еянэ классым щІэс и пхьур и зэманым унэм зэремыкІуэлІэжар, здищІэмэ зэрыщымыгъуазэр.

Ар кьалъыхьуэу УФ-м и МВД-м Аруан куеймкІэ и къудамэм и полицейхэм Іуэхум кьаршэлІащ участковхэр, балигъ мыхъуа-хэм ядэлэжьэныкІэ ІэнатІэм и лэжьакІуэхэр.

А махуэ дыдэм и пщыхьэщхьэм гуваэ, езым и ныбжьэгъу гупым щІыгъуу, хьыджэбз цІыкІур гъущІ гъуэгу вокзалым кьыщагъэутыжащ. Ар и адэ-анэм Іэрагъэхьэжащ. Пщащэ цІыкІум екъэлІауэ хабзэм кьемызэгъ гуэр ялэжьауэ кьахутакъым.

Фэбжьым къелакъым

Тхьэмахуэ махуэм «Прохладнэ - Азау» гъуэгум кьыщыхьуа зэжьэхэуэныгъэм ильэс 42-рэ зи ныбжь цІыхухъур хэкІуэдащ.

ЩІЫШылЭМ и 20-м Тырныауз льэныкъуэмкІэ кьикІ, къэрал номерхэр зытемылъ ВАЗ-217030 автомашинэм федеральнэ гъуэгум и 46-нэ километрым деж щриудащ кьыщемызэгъ щІыпІэм щызэпрыкІыну кьытехьа лъэсырыкІуэр. ЦІыхухъур Бахъсэн район сымаджэщым нагъэса щхьэкІэ, кьахуэгъэлакъым.

Къэрал кІуэщІ Іуэхущхьэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм Хьыбархэмрэ жылагъуэ зэныщІэныгъэхэмкІэ и ІэнатІэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къудзэ), **ЖьэкІэмыкъуэ Маринэ** (редактор нэхъыщІэхэм и къудзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, НэщІэныджэ Замир», Хьэжыкьарэ Алик, ЩІхьэщэмыщІ Иэз.**

КьыдэзыгъэкІэхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэжьащ.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, еблъэнэ, епщІанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къудзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ льэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Іуэхущапіэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериеим - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущапіэм - 42-26-41; сурэттехьэ - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхуитуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытехьэм изэу жэуап ихь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтеуэу зэныту щытекъым.

Газетыр Іэ тезыдзаэм яхуэхьынырэ и щІэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт эныщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хунтыныгъэр хьэмэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущапіэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытредзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щІэкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкІыгъуэм елэмысахэщ: жэуап зыхь секретарым и къудзэ Дышэкі Соня, редактору Кьардэн Маритэ, корректорэу Афэ Тамарэ *(3, 4-нэ нап.), ПхьитІыкІ Азмэт (1, 2-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепІэр щиІащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Марианэ, *сурэтхэм елэмысар* Бицу Жанизэ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рэ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.045 ● Заказ №155